



Pou Piblikasyon Imedya: 11/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**POU MAKE 20YÈM ANIVÈSÈ 11 SEPTANM NAN, GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN TWA
SERI LEJISLASYON POU SOUTNI 11 SEPTANM NAN AK KOMINIKASYON
SEKOURIS YO**

Lejislasyon (S.4961-B/A.6384-A) Elaji kritè ki defini sekouris ki te patisipe nan operasyon sekou nan World Trade Center a

Lejislasyon (S.7009/A.6934-A) pèmèt yo soumèt yon avi elektwonik ke yon manm nan Sistèm Retrèt la te patisipe nan operasyon sekou nan WTC a

Lejislasyon (S.7121/A.7366-A) a defini yon "Sekouris nan Kominikasyon" kòm yon Moun ki se yon dispatchè sekirite piblik, sekouris ijans, operatè ijans, operatè plent ijans ak dispatchè sèvis ijans ki reponn ak egzijans minimòm Gouvènman Lokal la

Foto yo Disponib [isit la](#)

Pou make 20yèm anivèsè 11 septanm nan, Gouvènè Kathy Hochul te siyen twa seri lejislasyon pou asire ke tout sekouris ki te patisipe nan operasyon sekou, rekiperasyon ak netwayaj World Trade Center (WTC) a ka gen aksè ak benefis ki disponib pou yo. Pwojè lwa a te rann li pi fasil pou sekouris WTC yo aplike pou benefis WTC yo, lè li elaji kritè pou defini sekouris WTC yo epi pèmèt alafwa pou soumèt avi ke yon manm nan sistèm retrèt la te patisipe nan operasyon sekou, rekiperasyon, oswa netwayaj la, anliy.

"Pandan n ap make 20yèm anivèsè yon jou ki te touche lavi chak Nouyòkè, nou sonje sila yo nou te pèdi epi nou onore sila yo ki avèk nou jodi a ki te patisipe nan operasyon sekou, rekiperasyon ak netwayaj nan World Trade Center a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lwa sa yo p ap sèlman ede sekouris ki te nan World Trade Center nan jounen tèrib sa ak moun ki te netwaye sit la nan semèn apre yo, men dispatchè ijans ak pèsònèl sekirite ki te kenbe nou an sekirite yo tou. N ap asire ke yo resevwa sipò ak benefis yo merite yo."

Lejislasyon 11 septanm lan pral asire ke tout sekouris yo resevwa sipò yo bezwen an

Elaji kritè pou defini sekouris ki te patisipe nan operasyon sekou World Trade Center a

Lejislasyon sa (S.4961-B/A.6384-A) elaji definisyon yon manm ki te patisipe nan operasyon sekou WTC a. Mo "manm" lan ap enkli nenpòt moun ki aktyèlman yon manm nan sistèm retrèt piblik la, ke anplwaye a te yon patisipan nan sistèm nan, nan moman sa. Anplwaye a dwe te vin yon patisipan nan sistèm retrèt la depi lè sa epi te achte kredi pou sèvis pou kèk oswa tout peryòd ki kalifye a.

Senatè Andrew Gournardes te deklare, "Pandan èdtan, jou, semèn, ak mwa apre tou yo te tonbe yo, yo te voye plizyè milye travayè piblik nan World Trade Center pou kòmanse travay difisil pou sove, rekipere epi netwaye. Travay yo te akonpli a te tou senpleman ewoyik. Jodi a, ven tan apre, anpil nan yo ap soufri kounye a de maladi ki soti nan 11 septanm yo epi trajikman, anpil nan yo te mouri. Byenke te gen anpil pwogrè ki te fèt pandan ane yo pou asire ke sekouris sa yo te resevwa benefis enfimite pou 11 septanm, gen yon fay ki vizib te rete ki fè travayè ki pa t fè pati nan sistèm retrèt la pa kalifye pou okenn sipò ak benefis. Mwen rekonesan a Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon S4961 mwen an ki bouche fay sa epi asire ke sekouris sa ki vin manm sistèm retrèt la nan ta ka toujou gen aksè nan menm benefis enfimite ke ewo yo te travay tètatèt ak yo resevwa yo."

Manm asanble Peter Abbate te deklare, "Pandan n ap komemore 20yèm anivèsè 11 septanm lan, mwen kontan pou wè angajman Gouvènè Hochul pou asire ke tout moun ki te anplwaye nan sèvis ki kalifye pandan operasyon sovtaaj, rekiperasyon ak netwayaj World Trade Center a, ap kalifye pou menm benefis ki byen merite ke lòt yo te resevwa yo."

Prezidan AFL-CIO Eta New York, Mario Cilento, te deklare, "Pwojè lwa sa se yon lòt etap enpòtan pou asire ke yo pa refize benefis pou tout travayè ki te enplike nan sovtaaj, rekiperasyon ak netwayaj nan world trade center pandan ak apre atak teworis 11 septanm yoankò epi ke fanmi yo gen dwa a yo. Nan mitan kriz COVID aktyèl la, sa vrèman fè reflechi ke se te yon lit ki tèlman long pou twòp ewo dezenterese; pou yo te oblije tann tout tan sa pou menm respè ak swen yo te bay lòt moun yo. Lè li siyen pwojè lwa sa, Gouvènè Hochul te montre ke li sipòte ewo 11 septanm nou yo epi nan anpil lòt aksyon li te demontre ke li kanpe ak tout travayè ki te mete byennèt yo anje. Nou remèsye li pou angajman li e nou remèsye Manm Asanble Abbate, Senatè Gounardes ak lòt majorite Demokratik nan Sena ak Asanble a pou efò san rete yo pou travayè 11 septanm nou yo."

Ogmante aksè nan aplikasyon pou benefis WTC yo

Lejislasyon (S.7009-A/A.6934-A) kreye yon opsyon anliy pou depoze deklarasyon "avi patisipasyon WTC" nan sistèm retrèt yo pou kalifye pou benefis WTC yo. Sa t ap pèmèt sistèm yo aksepte yon "avi patisipasyon WTC" ki soumèt nan fason elektwonik atravè yon pòtay anliy, olye yo soumèt li pa deklarasyon ekri.

Pwojè lwa sa ap chèche rasyonnalize sistèm pou depoze avi patisipasyon WTC a lè li pèmèt pou depoze avi sa yo nan fason elektwonik nan yon sistèm retrèt pou manm pou asire ke nenpòt moun ki te patisipe nan sovtaaj, rekiperasyon ak netwayaj ka pwofite de benefis world trade center yo.

Senatè Diane Savino te deklare, "Nan 20yèm anivèsè 11 septanm sonm sa, mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li ratifye lejislasyon enpòtan sa a pou fè li vin yon lwa. Lè nou pèmèt yon manm soumèt Avi Patipasyon nan WTC a nan fason elektwonik atravè yon pòtay sekirize anliy, sa se yon itilizasyon teknoloji ki sanse pou rasyonnalize fason pou jwenn benefis swa pou travayè yo, swa pou pwòch yo ki te reponn ak apèl la pandan sovtaaj, rekiperasyon ak repons kont atak sou World Trade Center."

Manm asanble Peter Abbate te deklare, "Mwen kontan pou m prezante lejislasyon sa k ap otorize pou soumèt nan fason elektwonik yon avi patisipasyon nan World Trade Center nan yon sistèm retrèt. Sistèm senplifye a garanti epi l ap ede asire ke moun ki kalifye depoze alè, espesyalman pandan pandemi COVID la. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li sipòte lè li ratifye pwojè lwa sa an lwa".

Elaji definisyon sekouris la npou enkli travayè kominikasyon yo

Lejislasyon sa (S.7121/A.7366-A) defini mo 'sekouris nan kominikasyon' epi egzije anplwayè sekouris sa yo pou bay fòmasyon "pou kenbe epi amelyore konesans, pèfòmansak konpetans sekouris nan kominikasyon sa yo." Sa rekonèt operatè 11 septanm yo ak lòt moun ki te nan pozisyon enpòtan sa yo kòm sekouris.

Senatè John Brooks te deklare, "Operatè ijans New York ak dispatchè yo bay sèvis ki gen anpil valè pou nou tout. Li lè li tan pou nou siprime obstak sa yo ki anpeche travayè ijans esansyèl sa yo bay sipò konplè ke yo ka bay epi refize yo benefis ke yo merite. San kesyon, tout dispatchè sekirite piblik, sekouris ijans, operatè ijans, operatè pou plent ijans, ak dispatchè sèvis ijans yo se sekouris, epi sa enpòtan anpil pou sekirite ak byennèt Eta New York ke yo rekonèt yo kòm sekouris. Antanke yon sekouris mwen menm, mwen rekonesan a Gouvènè Hochul paske li ratifye lejislasyon enpòtan sa an lwa."

Manm Asanble Peter Abbate, te deklare, "Mwen onore pou mwen yon moun ki prezante lejislasyon sa, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li ratifye pwojè lwa sa an lwa ki defini ekselans nan sèvis ijans epi demontre respè pou New York pou gwo sèvitè piblik sa yo. Ajan telekominikasyon ijans yo se premye pwen kontak pou piblik la nan moman kriz yo epi yo vrèman merite rekonesans ke pwojè lwa sa akòde yo, ak tit 'Sekouris nan Kominikasyon' ki deziyen an."

Anplwaye Administratif Biwo Prezidan Local 1549 la, Eddie Rodriguez, te deklare, Local 1549 vle remèsye Gouvènè Hochul paske li ratifye pwojè lwa sekouris nan kominikasyon yo. Siyati li vle di respè ak rekonesans Administrasyon li a pou lavi pwofesyonèl devwa presye epi ki pa ka egale Operatè 911 yo. Aksyon sa voye yon mesaj enpòtan ke yo rekonèt moun k ap travay nan sikonstans ki estresan epi twomatizan, bay sèvis yo valè epi ba yo dwa k ap pèmèt yo fè travay yo nan fason ki pi efikas ak mwens wotasyon. Siyati sa ap ranfòse moral travayè sa yo epi rekonèt yo pou travay ewoyik y ap fè a."

Prezidan Suffolk AME, Daniel C. Levler te deklare, "Operatè ak Dispatchè Ijans yo sa dout se premye sekouris pami sekouris k ap sèvi nan mitan evènman ijans yo, venn kat sou venn kat, sèt jou sou sèt. Travayè esansyèl sa yo egèse kapasite refleksyon rapid, konsèy ak oryantasyon ki souvan fè diferans ki enpòtan ant lavi ak lanmò anvan èd yo rive. Sa pa gen lontan, Operatè 911 Suffolk te jwen yon wòl enpòtan pandan Tanpèt Twopikal Ida, ki reponn apèl 911 pou fanmi ke manm fanmi nan Queen yo te kwense nan sousòl yo. Nan non 300 Operatè Ijans nan Konte Suffolk, mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li ratifye lejislasyon yo t ap tann depi lontan sa an lwa epi bay gason ak fanm sa yo estati sekouris la pou premye fwa."

Prezidan Asosyasyon Benevola Dispatchè Alam Ensandi, FDNY, Faye Smith, te deklare, "Nou ekstrèman kontan pou ratifikasyon pwojè lwa sa ki rekonèt travay enpòtan ki sove lavi ke dispatchè ijans ak pèsònèl kominikasyon New York yo fè yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)